

26 out

Bondye pale divès jan, men pèsonn pa okipe sa l ap di. Jòb 33. 14

Louvri zòrèy nou. Vin jwenn mwen. Koute byen sa m ap di nou, n a jwenn lavi... Ezayi 55. 3

Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Senyè a, si ou kwè toutbon nan kè ou Bondye te fè l leve sòti vivan pami mò yo, w a sove. Women 10. 9

Bondye pale

Depi lòm ap viv sou latè, Bondye ap pale avè l. Li gen anpil bagay pou l di li. Nan tout Ansyen Testaman nou jwenn mo sa yo : “Men sa Senyè a di”. Men, kilès ki vle koute sa Senyè a ap di ?

Bondye ap pale ankò jodi a nan plizyè fason.

Sitou “li te voye Pitit li a pale ak nou” (Ebre 1. 2), lè Jezi te sou latè, li menm ki te rele ‘pawòl la’ (Jan 1. 14). Poutan, si yon moun te sezi pou bèl pawòl ki t ap sòti nan bouch li, pèsonn pa t ap koute l (Lik 4. 22). “Poukisa atò lè mwen vin delivre nou an, pa gen pèsonn ki vin jwenn mwen ? Poukisa, lè m rele nou, pèsonn pa reponn ?” (Ezayi 50. 2).

Poutan, kèk moun te koute l.

Yon fanm nan Peyi Samari di li l ap tann Mesi a. Jezi reponn li : “mwen menm k ap pale avèk ou la a, se mwen menm ki Kris la” (Jan 4. 26). Fanm nan koute l e li kwè li.

Jezi di yon avèg li te geri : “èske ou kwè nan Pitit Bondye a ?”. Avèg la reponn li : “Kilès li ye, Senyè pou m ka kwè nan li ?”. Jezi reponn li : “e ou te wè li, sila k ap pale avèk ou a, se li”. Nonm nan reponn : “Mwen kwè, Senyè !” (Jan 9. 35-38).

Lè Mari t ap kriye bò kavo Kris la, Jezi di : “Mari !”. E li te bay Mari yon mesaj ekstrawòdinè (Jan 20. 16-17).

Jodi a, se avèk ou Jezi ap pale : “vin suiv mwen” (Mak 10. 21).

Fè repons disip yo te bay Kris la tounen repons ou : “Senyè, ki moun pou n al jwenn ? Se ou menm ki gen pawòl ki bay lavi ki pap janm fini an. Kounye a, nou kwè, nou konnen se ou menm ki moun Bondye chwazi a” (Jan 6. 68-69).

26 août

Dieu parle une fois et deux fois – et l'on n'y prend pas garde. Job 33. 14

Écoutez, et votre âme vivra. Ésaïe 55. 3

Si, de ta bouche, tu reconnais Jésus comme Seigneur, et si tu crois dans ton cœur que Dieu l'a ressuscité d'entre les morts, tu seras sauvé. Romains 10. 9

Dieu parle

Depuis que l'homme est sur la terre, Dieu lui parle. Il a beaucoup à lui dire. Tout au long de l'Ancien Testament, nous relevons ces mots : "Ainsi dit l'Éternel". Mais qui veut écouter la voix de Dieu ?

Dieu parle encore aujourd'hui de diverses manières.

Surtout, il "nous a parlé dans le Fils" (Hébreux 1. 2), quand Jésus était sur la terre, lui qui est appelé "la Parole" (Jean 1. 14). Pourtant, si on s'étonnait "des paroles de grâce qui sortaient de sa bouche" (Luc 4. 22), on ne l'écoutait pas. "Pourquoi suis-je venu, et il n'y a eu personne ? Pourquoi ai-je appelé, et il n'y a eu personne qui répondît ?" (Ésaïe 50. 2).

Pourtant quelques-uns ont écouté sa voix.

A une Samaritaine qui dit attendre le Messie, Jésus répond : "Je le suis, moi qui te parle" (Jean 4. 26). Elle écoute et elle croit.

A un aveugle qu'il a guéri, Jésus dit : "Crois-tu au Fils de Dieu ?" Il répond : "Qui est-il, Seigneur, afin que je croie en lui ?" Jésus lui dit : "Et tu l'as vu, et celui qui parle avec toi, c'est lui". Il dit : "Je crois, Seigneur !" (Jean 9. 35-38).

A une femme qui pleure près de son tombeau, Jésus dit simplement : "Marie !". Il lui confie alors un merveilleux message (Jean 20. 16, 17).

Aujourd'hui c'est à vous que Jésus parle : "Viens, suis-moi" (Marc 10. 21).

Faites vôtre cette réponse des disciples : "Seigneur, auprès de qui irions-nous ? Tu as les paroles de la vie éternelle ; et nous, nous croyons et nous savons que toi, tu es le Saint de Dieu" (Jean 6. 68, 69).